# BALALARDI KITAP OQIWG‘A QIZIQTIRIW USHIN NA’TIYJELI USILLAR

**Babaniyazova Sarbinaz**
A’jiniyaz atındag‘ı No‘kis ma’mleketlik pedagogikaliq institutının’
Baslawısh ta’lim fakulteti 1- kurs studenti

## ANNOTATCIYA

Maqalada balalardı kitap oqıwg‘a qızıqtırıwdın’ na’tiyjeli usılları haqqında mag‘luwmatlar beriledi.

**Tayanısh so‘zler:** Zamanago‘y texnologiyalar, kitap, 21- a’sir, uyalı telefon, so‘ylew da’rejesi.

Ha’zirgi waqıtta texnologiyalar sonshelli da’rejede rawajlanıp ketti. Bizler o‘z o‘mirimizdi olarsız ko‘z aldımızg‘a keltire almaymız. Olar ha’rbir jumısta bizge ja’rdemshi esaplanadı. Durıs, bunnan birneshe jıllar aldın texnologiyalar bizin’ o‘mirimizde kemshilikti qurag‘an ha’m ju’da a’hmiyetli emes edi. Al, ha’zirgi waqıtta a’tirapımızdın’ barlıg‘ı xamanago‘y texnologiyalar menen qorshalg‘an. Olardan, a’sirese, uyalı telefon bizge en’ jaqını bolıp qaldı. Bu’gingi ku’nde kimdi ko‘rsekte, qolında telefon bar. A’lbette, ol bizlerdin’ jumıslarımızdı jen’illestiredi. Izlegen na’rsemizdi internet arqalı tez tabamız, adamlar menen baylanıs jasaymız, kerekli mag‘luwmatlarımızdı da telefonda saqlaymız. Bul ta’repi menen telefon bizlerge paydalı. Biraq, og‘an 21- a’sir balaları, jasları ju’da’ baylanıp qalg‘an. Telefonnın’ en’ unamsız ta’repi mine usı.

Telefong‘a u’yrenip qalıw na’tiyjesinde ha’zirgi balalarda ko‘plep unamsız jag‘daylar ju’z bermekte. Atap aytqanda, ko‘riw qa’biletinin’ pa’seyiwi, omırtqa bag‘anasının’ qıysayıwı, so‘ylew menen baylanıslı mashqalalar, nerv sisteması ha’m aqılıy rawajlanıw menen baylanıslı mashqalalar usılar qatarına kiredi.

Balalar arasında ko‘binese so‘ylew menen baylanıslı mashqalalar ko‘p ushıraspaqta. Bunı bizler a’tirapımızda da ko‘rip gu’wası bolıp atırmız. Bul mashqala bala ha’rku’ni ha’m uzaq waqıt dawamında telefon shuqlawı na’tiyjesinde ju’z beredi. Bala telefon shuqlap atırg‘an waqıtta basqalar menen so‘ylespedi, heshqanday na’rse u’yrenbeydi. Onın’ miyi tek telefon menen ba’nt boladı. Bunday balalar erten’gi ku’ni heshkim menen so‘ylespeytug‘ın, ja’ma’a’t aldında so‘ylewge so‘z baylıg‘ı jetispeytug‘ın adam bolıp jetisedi. Bul mashqaladan azat bolıwdın’ birden- bir– jolı kitap oqıw. Kitap oqıw balanın’ so‘z baylıg‘ın, pikirlew da’rejesin arttıradı.

Endi, balalardın' so'ylew da'rejesinin' basqıshların ko'rip o'temiz. 1 jasqa shıqqan bala 6 dan 20 g'a shekem bolg'an so'zlerdi ayta aladı. 2 jaslı bala o'z so'ylewinde 50 ge jaqın so'zdi isletiwi mu'mkin. 3 jaslı bala 250- 700 so'zdi biledi. 4 jaslı bala 1500-2000 so'zdi islete aladı. 5 jaslı bala 2500- 3000 so'zdi ayta alıwı ilimde da'lillengen. Bul jastag'ı balalarg'a kitap oqıp beriw maqul jol esaplanadı. Sebebiz bul jasta balalar ele oqıwdı bilmeydi. Mektepke barg'an balalar bolsa kitaptı o'zleri oqıwı kerek.

Ayırım balalar kitap oqıwg'a qızıg'adı, al, ayırımları bunı xosh ko'rmeydi. Balalar kitap oqısa yaki olarg'a oqıp berilse paydalı bolatug'ının bilip aldıq. Endi, balalardı kitap oqıwg'a qızıqtırıwdın' ayırım usılları menen tanısamız.

I. Kitap oqıw mu'yeshin jaratın'. Perzentin'izge onı shalg'ıtpaytug'ın, sırtqı shawqımlardan uzaq bolg'an qolaylı orın tayarlan'. Bul orıng'a kitap oqıwg'a kerek bolatug'ın barlıq qolaylılıqlardı jaratın'. Diywallardı ha'rtu'rli ertek qaharmanlarının' su'wreti menen bezen'.

II. Balaların'ızdı tez- tezden kitapxanag'a yaki kitap satılatug'ın du'kanlarg'a alıp barın'. Eger balan'ızda kitap oqıw ko'nlikpesin qa'liplestiriwdi qa'lesen'iz onı tez- tez kitapxanag'a alıp barın'. Kitaplardı birgelikte tan'lan'.

III. Perzentin'iz qızıqqan temadag'ı kitaplardı tan'lan'. Ayırım balalar haywanat a'lemine qızıqsa, ayırımları erteklerge qızıg'adı. Eger siz perzentin'izge « sen ele kishkenesen', ertek oqıwın' kerek» dep ertek kitap alıp bersen'iz, biraq, balan'ız erteklerge emes, haywanat du'nyasına qızıqsa, ol siz alıp bergen kitaptı oqımaydı. Sol sebepli, siz balan'ızg'a o'zi qızıqqan mazmundag'ı kitaplardı alıp beriwin'iz lazım.

IV. Perzentin'izge u'lgi bolın'. Balalar ata- anasınan u'lgi aladı. Eger siz turaqlı tu'rde kitap oqısan'ız, basqa shan'araq ag'zaların'ız benen kitaplar haqqında sa'wbetlessen'iz perzentin'izge u'lgi ko'rsetken bolasız. Kitap oqıw a'ste- aqırın balan'ızdın' da su'yikli jumısına aylanadı.

V. Ha'r ku'ni kitap oqıp berin'. Waqıtın'ızdı ayamastan perzentin'izge ha'r ku'ni kitap oqıp berin'. Na'tiyjede, ol a'ste- aqırın o'zi mustaqıl kitap oqıytug'ın boladı. Onın' o'mirinde kitap oqıw a'detke aylanadı.

Kitap tan'lag'an waqıtta to'mendegilerge itibar beriw kerek. Eger perzentin'iz ele kishkene bolsa ( ma'selen, 5-8 jas aralıg'ı), kitaplardın' sırtqı bo'liminin' ha'm ishinin' su'wretli bolıwına itibar berin'. Bunday jastag'ı balalar ko'p oqısa tez zerigip qaladı. Sol sebepli, kitap az so'zli ha'm ko'p su'wretli bolsa bala onı qızıg'ıwshılıq penen oqıydı. Kitaplardı tan'lag'an waqıtta jasqa itibar berin'. Kitaplardın' sırtqı bo'liminde kitap qaysı jastag'ı balalarg'a arnalg'anlıg'ı jazıp qoyıladı. Usı boyınsha kitaplardı alıp bergenin'iz maqsetke muwapıq boladı.

Sebebi, 3 jaslı bala 6 jaslı balag‘a arnalg‘an kitapqa tu’sinbeydi. Al, 6 jaslı bala bolsa 3 jaslı balag‘a arnalg‘an kitapqa qızıqpaydı.

**PAYDALANILG‘AN A’DEBIYATLAR: (REFERENCES)**

1. https://fayllar.org
2. https://baxtiyor.uz